# TALABALARINIŃ KOGNITIV KOMPETENCIYASIN QÁLIPLESTIRIWDIŃ PSIXOLOGIYALIQ-PEDAGOGIKALIQ PRINCIPLERI

**Gulayim Djumanova**
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti erkin izleniwshisi
https://doi.org/10.5281/zenodo.17182568

Zamanagóy didaktika hám ámeliyattıń talaba shaxsına qayta baǵdarlanıwı olardıń biliw iskerligin jetilistiriw mashqalasın eń áhmiyetli mashqalalar qatarına qoydı. Búgingi kúnde joqarı bilimlendiriw mákemeleri talabaları tálim procesiniń baqlawshısı hám passiv tıńlawshısı emes, al onıń belsendi qatnasıwshısına aylanıp atırǵan bilimlendiriw subyekti sıpatında qabıl etilmekte. Oqıtıwshınıń bul baǵdardaǵı wazıypası belsendilik, erkinlik, dóretiwshilik sıpatların qáliplestiriwden ibarat. Aktiv bilim alıw óz mánisi boyınsha kognitiv kompetenciyanı rawajlandırıw sheńberindegi bilim alıw bolıp tabıladı. Solay etip, til úyreniwde talabalarınıń kognitiv kompetenciyasın qáliplestiriw oqıw procesin shólkemlestiriwdiń psixologiyalıq-pedagogikalıq principlerine tiykarlanadı hám tómendegiler menen xarakterlenedi:

1) lingvistikalıq haqıyqatlıqtı biliwge motivaciyalıq qatnas, bunda biliw-oylaw procesleri áhmiyetli hám tiykarǵı rol oynaydı;

2) qaraqalpaq tilinde sóylesiwshi bilim beriw subektleriniń ana tilde bilim alıwǵa bolǵan maqsetli umtılısı hám tolıq kommunikativlik keńisliktiń shıǵıwı;

3) real kognitiv nátiyjelerge erisiw ushın úyrenilip atırǵan ana tili arqalı dúnyanıń lingvistikalıq kórinisin biliwge bolǵan emocionallıq keypiyat. Kognitiv iskerliktiń bul parametrleri Qaraqalpaqstan Respublikası joqarı bilimlendiriw mákemeleriniń toparlarında ana tilin úyreniwdiń tálim procesinde ayrıqsha áhmiyetke iye[3;27].

Joqarı bilimlendiriw mákemeleri talabalarınıń kognitiv kompetenciyasın qáliplestiriw onı shólkemlestiriwdiń barlıq basqıshlarında bar bolıwı kerek bolǵan úsh májbúriy komponentke iye ekenligin kórsetedi:

1) ana til iskerligine unamlı sezimniń bar bolıwı;

2) emociyanıń biliw tárepi bar ekenligi;

3) iskerliktiń ózi tárepinen kórsetilgen anıq motivtiń bolıwı[3;88].

Bul úsh komponentte ulıwma joqarı bilimlendiriw mákemeleriniń talabalarınıń teoriyalıq hám ámeliy bilimlerin keńeytiw, jańa maǵlıwmatlardı ózbetinshe izlew, eń qıyın wazıypalardı kognitivlik potencialdı engiziw arqalı sheshiwge bolǵan tilegi hám umtılısın belgileydi.

Kórinip turǵanınday, joqarı bilimlendiriw mákemeleriniń toparlarında ana tili oqıtıw sharayatındaǵı kognitiv iskerlik oqıtıwshı hám talaba arasındaǵı konstruktivlik bilim beriw birge islesiwi hám óz-ara túsinisiw formatındaǵı sırtqı hám ishki biliw resursların óz ishine aladı. Oqıtıwshı ana tilin úyreniw barısında oqıw materialınıń qolaylılıǵı tárepine jumıstı baǵdarlaydı, pútkil kognitiv oqıw-biliw iskerligin oqıwshınıń shaxsına bagdarlaydı, oqıwdıń qolaylı emocionallıq tonusına itibar qaratadi. Biliw iskerligin, álbette, úyrenilip atırǵan hádiyse haqqındaǵı bilimler hám kózqaraslar sistemasın rawajlandırıwdıń tiykarǵı faktorı sıpatında biliw qızıǵıwshılıǵı hám motivaciyasız kóz aldımızǵa keltiriw múmkin emes. V.A. Yakunin: "Mektepte hám joqarı oqıw ornında oqıtıw ámeliyatında kognitiv iskerlikti shólkemlestiriw tiykarında oqıw pánlerin ájayıp oqıtıwdıń kóp túrli mısalları bar bolıp, olar keyin ala mektep oqıwshıları hám studentlerdiń kásip yamasa qánigelikti óz betinshe tańlawda kásipke baǵdarlanıwın qáliplestiriw

faktorları kórinisinde kórinedi," dep atap ótedi [2;78]. Kognitiv iskerlik joqarı bilimlendiriw ayırım pánler, sonıń ishinde, ana tilin oqıtıw procesin jetilistiriw ushın arnawlı ortalıq hám bağdarlamalardı shólkemlestiredi. Kognitiv iskerlikti shólkemlestiriw ushın zárúr shártler qatarında sırtqı hám ishki shártler zárúr. Sırtqı sharayatlar oqıtıwshınıń minez-qulqı hám ádebi sıpatındağı ózgeshelikleri menen baylanıslı bolıp, oǵan oqıw materialın bir qálipte emes, bálent dawıs penen, anıq hám tásirli bayan etiw, sebebi qızıqlı nárseni oqıtıw jolındağı tiykarğı tosqınlıqlar bir qáliplilik hám erinsheklik bolıp esaplanadı. Álbette, bul processtegi tiykarğı buwın innovaciyalıq texnologiyalar hám aldıngı oqıtıw usılları bolıp esaplanadı.

Solay etip, joqarı bilimlendiriw mákemeleri talabalarınıń kognitiv kompetenciyasın qáliplestiriw tiykarların anıqlaw ushın teoriyalıq shárt-shárayatlar jaratıldı. Respublikadağı joqarı bilimlendiriw mákemeleriniń qaraqalpaq tili boyınsha tómendegiler bolıp esaplanadı:

1) kognitivlik iskerlik biliw qızıgıwshılıǵı, biliw motivaciyası, oqıw-biliw erkinligi sheńberinde sistema payda etiwshi komponent sıpatında hám shaxstıń integral ózgeshelikleri sıpatında qatnasadı;

2) kognitiv iskerlik zatlar, hádiyselerge emocional-biliw qatnası hám tikkeley ózbetinshe motivaciyalanǵan iskerlik faktorı esaplanadı;

3) oqıw-biliw ǵárezsizliginiń shaxstıń emocional-biliw baǵdarlanıwına aylanıwı kognitiv iskerlik tiykarında jaratılatuǵın belgili qolaylı sharayatlardı talap etedi;

4) kognitiv iskerlik joqarı bilimlendiriw procesiniń toparlarında qaraqalpaq tilin oqıtıwda nátiyjelilikti maqsetke muwapıq arttırıwdıń tiykarǵı shárti hám deregine aylanadı[4;133].

Ana tilinen Qaraqalpaqstanlı talabalardıń biliw iskerligin jedellestiriw boyınsha oqıw procesin biliw qızıgıwshılıǵı mexanizmlerin engiziw arqalı shólkemlestiriw ápiwayı bilimler jıyındısı emes, al bilim alıwshılardıń pikirlew-operativlik tájiriybesin jetilistiriw bolıp tabıladı. Bul processte oqıtıwshınıń tiykarǵı wazıypası qaraqalpaq tili táliminiń kognitiv-oylaw liniyasın qurıw tiykarında lingvokommunikaciyalıq sharayatlardı jaratıwdan ibarat. Bul baǵdarda oqıwshılardıń oqıw materialın ózlestiriwde sanalı-aqılıy qatnas jasawında kórinetuǵın "úyreniw" procesine úlken rol ajıratıladı. Joqarı oqıw ornı subyekti jumıstıń bunday jaylasıwında informaciya alıwshınıń ádettegi poziciyasınan emes, al kúshli motivaciya hám qızıǵıwshılıq tiykarında onı analiz hám sintez etiwge umtılıwshı shaxstan kelip shıǵadı. Joqarı bilimlendiriw mekemeleriniń toparlarınıń kognitiv kompetenciyasın qáliplestiriwde kommunikativlik principin ámelge asırıw áhmiyetli orın tutadı. Bul princip ótken ásirdiń 70-jıllarınan baslap ana tilin oqıtıwda áhmiyetke iye boldı. 70-jıllardıń aqırında A.A.Leontevtiń atap ótiwinshe, "metodikalıq islenbelerdiń mazmunında onıń triumfalıq júrisi baslandı"[2;156].

Talabalardıń kognitiv kompetenciyasın rawajlandırıwda kommunikativlik principi ayrıqsha áhmiyetke iye. Oqıtıwshı hám talabalardıń óz-ara qatnasıqlarınıń durıs dúzilgen pedagogikalıq sisteması joqarı bilimlendiriw mákemeleriniń toparlarında ana tilin oqıtıw procesinde kommunikativ ortalıqtı shólkemlestiriw boyınsha qıyın wazıypalardı sheshiwge járdem beredi, jámáátlik hám ózbetinshe biliw izleniwine baǵdarlanǵan psixologiyalıq klimat jaratadı. Joqarı bilimlendiriw mákemeleriniń talabalarınıń ana tili boyınsha kognitivlik iskerligin rawajlandırıw nátiyjeliligi pedagogikalıq jaqtan maqsetke muwapıq qarım-qatnas penen belgilenedi, sebebi biliw, sonıń ishinde, oqıtıwshı kognitivlik-biliw iskerligi oqıtıwshınıń talabalar menen, bir-biri menen qarım-qatnası sheńberinde ámelge asırılatuǵın process bolıp tabıladı. Talabalardıń qálewi

oqıwshılardı qaraqalpaq tilindegi sóylew iskerligine baǵdarlawshı "qatnas motivi" qubılısınan kelip shıǵadı.

Ilimiy ádebiyatlarda "qarım-qatnas" túsinigi haqqında júdá qızıq pikirlerdi oqıymız. Mısalı, S.L.Bratchenko bul informaciyalıq materialdı qabıl etiw sharayatında talabanıń ózin-ózi shólkemlestiriw sharayatındaǵı kommunikativ process dep esaplaydı [2;169]. Ilimpazdıń pikirinshe, bul proceste kognitiv-oylaw mexanizmlerin óz ishine alǵan kommunikaciya aktiniń shaxsqa baǵdarlanǵan komponenti áhmiyetli orın iyeleydi, sebebi ol da sociallıq baǵdarlanǵan bolıp, oqıw maǵlıwmatların jetkerip beriw hám qabıl etiw sisteması, túsiniw hám qayta tiklewdegi qádiriyatlıq baǵdar sıpatında kórinedi.

Juwmaq sıpatında sonı ayta alamız, ilimpazlardıń pikirinshe, oqıtıwdıń kóp sanlı psixologiyalıq nátiyjeleri jámáátlik iskerlik formaların shólkemlestiriw hám óz betinshe tańlawǵa baylanıslı jaqsı yamasa jaman táreplerinen kórinisi múmkin. Demek, joqarı bilimlendiriw mákemeleriniń talabalarınıń ana tilinen kognitiv kompetenciyasın qáliplestiriw mashqalası psixologiyalıq-pedagogikalıq pánlerge kiriwshi máseleler sheńberinde áhmiyetli bolıp tabıladı. Mashqala talabalardıń biliw kompetenciyası, ishki motivaciyası, oqıw-biliw erkinliginiń sistema payda etiwshi bir pútinligi arqalı óz sheshimin tawıp, zamanagóy innovaciyalıq texnologiyanı qollanıw tiykarında nátiyjeli bolıp, hár qıylı jumıs formaları hám usıllarınan keń paydalanıw menen tastıyıqlanadı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Асаматдинова Ж. Технологии формирования ценностной ориентации учащихся на основе их нравственно-эстетического воспитания. Монография. Ташкент, 2016. - С.167.
2. Бабанский Ю.К. Избранные педагогические труды / Ю.К. Бабанский. – М.: Педагогика, 2011. - 347 с.
3. Беспалько В.П., Гатур Ю.Г. Системно-методическое обеспечение учебно-воспитательного процесса подготовки специалистов / В.П. Беспалько, Ю.Г. Гатур. - М.: Высш. школа, 2011. - 141с.
4. Демьянков В.З. Когнитивная лингвистика как разновидность интерпретирующего подхода / В.З. Демьянков // Вопросы языкознания. - 1994. - № 4. - С. 17-33.
5. Солсо Р.Л. Когнитивная психология / Р.Л. Солсо; пер. с англ. яз. Н.Ю. Спомиор. - М.: Тривола, 1996. - 600 с.